

2

Kijan pou Louvri yon Kont NY 529 Direct Plan



Genyen plizyè fason pou ekonomize pou inivèsite. NYC Kids RISE ankouraje chak fanmi chwazi opsyon ki pi bon pou li a. Ale sou nyckidsrise.org/options oswa patisipe nan yon atelye Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) pou plis enfòmasyon sou opsyon epay pou inivèsite.

Youn nan opsyon epay pou inivèsite ki disponib pou fanmi ou se **New York's 529 College Savings Program Direct Plan an.**

Yon kont 529 se yon kalite kont ki fèt espesyalman pou ede fanmi ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl.

- Lajan nan yon kont 529 kapab grandi apre yon tan epi li vini avèk benefis nan taks, ki gen ladan, revni yo pa touche taks sou yo¹ ak dediksyon posib sou enpo sou revni eta yo.
- Sepandan, lajan nan yon kont 529 pa gen garanti l ap grandi epi li ka pèdi valè.
- Ou dwe li materyèl divilgasyon ransèyman sou yon kont 529 pou konprann karakteristik ak ris investisman potansyèl ou a.
- Pou plis enfòmasyon sou NY 529 Direct Plan oswa sou pwosesis enskripsyon an, ale sou nysaves.org oswa rele nan **877-NYSAVES (877-697-2837)**.

Kisa ou bezwen pou louvri ak konekte yon kont NY 529 Direct Plan:

- Non itilizatè ak modpas pou Gid pou Epay (Savings Tracker) NYC Kids RISE ou a²
- Pwòp Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) pa ou
- SSN oswa ITIN pitit ou a
- Adrès lakay oumenm ak pitit ou
- Adrès imèl ou
- Dat nesans oumenm ak pitit ou
- **Rekòmande:** Non ak dat nesans yon moun ou ta vle pou vin pwopriyete kont la sizoka ou ta mouri

Enfòmasyon detaye sou NY 529 Direct Plan an disponib tou nan Tiliv Divilgasyon Ransèyman ak Akò sou Epay pou Ekolaj (Disclosure Booklet and Tuition Savings Agreement) NY 529 Direct Plan an oswa "Tiliv Divilgasyon Ransèyman (Disclosure Booklet)."

- Ou kapab telechaje dokiman sa a sou nysaves.org.
- Dokiman sa a gen ladan objektif, ris, chaj, depans ak lòt enfòmasyon pou investisman an. Ou dwe li epi reflechi byen anvan ou investi.
- Si ou louvri yon kont avèk NY 529 Direct Plan an, yo pral mande ou konfime ou te resevwa Tiliv Divilgasyon Ransèyman an anvan ou louvri kont ou a.

Nòt: NYC Kids RISE pa afilye avèk NY's 529 College Savings Program e li pa bay konsèy sou investisman. NYC Kids RISE p ap fè yon rekòmandasyon sou konvnanans NY 529 Direct Plan pou ou oswa pou fanmi ou. NYC Kids RISE ankouraje ou kontinye sèlman si ou detèmine NY 529 Direct Plan fè sans pou ou ak pou fanmi ou. Pou plis enfòmasyon sou NY 529 Direct Plan, ale sou nysaves.org epi telechaje Tiliv Divilgasyon Ransèyman an (Disclosure Booklet), oswa rele nan **877-NYSAVES (877-697-2837)**.

¹ Revni sou tiraj ki pa kalifye yo gen dwa sibi enpo sou revni federal ak yon enpo sou revni federal 10%, avèk tou enpo sou revni eta ak lokal yo. Taks ak lòt benefis depann de respè lòt egzijans, epi sèten tiraj ka sibi taks federal, eta ak lokal yo.

² Pou enfòmasyon sou kreyasyon yon non itilizatè ak modpas pou gade Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a, ale sou nyckidsrise.org/register

EKSPRESYON ENPÒTAN:

- **Account Owner (Pwopriyetè Kont)** la se moun ki pral mèt kont depay pou inivèsite sa a epi ki pral pran desizyon sou li. Pou yon Pwopriyetè Kont, ou dwe yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan etranje legal epi ou dwe gen yon adrès fizik. Ka gen sèlman yon Pwopriyetè Kont sou yon kont. Li kapab se yon paran, yon responsab legal, yon granparan oswa yon lòt adilt.
- **Successor Account Owner (Siksesè Pwopriyetè Kont)** la se moun Pwopriyetè Kont la nonmen pou vin mèt kont la epi pou kontwole kont NY 529 si Pwopriyetè Kont la mouri.
- **Beneficiary (Benefisyè)** a se timoun w ap fè ekonomi pou li a e ki kapab sèvi avèk lajan ki sou kont la pou edikasyon li. Timoun ou a k ap patisipe a se benefisyè sou Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) li a.
- Pou konekte kont NY 529 *Direct Plan* sa a avèk Kont Bousdetid NYC a, menm timoun nan dwe parèt kòm benefisyè sou toude kont yo. Ou pral bezwen bay Nimewo

Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl ak adrès fizik pou benefisyè kont sa a.

- **Ugift** se yon sèvis fasil ak gratis ki pemèt pwopriyetè kont plan 529 yo ankouraje fanmi ak zanmi selebre etap enpòtan timoun yo avèk kòm kado lajan epay pou inivèsite, alapas kado tradisyonèl. Pwopriyetè kont yo resevwa yon kòd Ugift inik pou chak benefisyè/elèv, ke yo kapab pataje avèk lòt moun epi sèvi ak li pou kontribye la a sou Ugift529.com. Tout kontribisyon kado yo voye nan Ugift investi nan kont plan 529 elèv la epi dwe sèvi sèlman pou depans kalifye pou inivèsite ak depans ki gen rapò avèk inivèsite (jan lwa ki jere itilizasyon byen plan 529 yo mande sa).

Si ou deside louvri ak konekte yon nouvo kont NY 529 *Direct Plan* oswa si w vle konekte yon kont ki egziste deja, swiv etap ki annapre yo.

Kijan pou louvri ak konekte yon kont NY 529 *Direct Plan*:

1. Ale sou nyckidsrise.org sou òdinatè oswa telefòn mobil ou. Klike sou bouton jòn **Retounen Konekte** nan pati anwo adwat ekran an.
2. Glise desann epi klike sou bouton **Retounen Konekte** a epi apres a klike sou **Kontinye**.
3. Antre imèl ak modpas ou te kreye lè ou t ap aktive ak gade Kont Bousdetid NYC pitit ou a epi klike sou **bouton Konekte a**.
4. Lè ou konekte sou Gid pou Epay la, glise desann sou paj la epi klike **bouton** oranj **Kreye/Konekte Kont 529 la**.
5. Li mesaj ki parèt la epi klike sou **OKE** si epi lè ou pare pou kontinye.
6. **Konekte sou Kont NY529 ou a.**

Pou konekte yon kont NY 529 ki egziste deja:

- Si ou deja genyen yon kont NY 529 *Direct Plan* avèk pitit ou a k ap patisipe a kòm benefisyè, ou kapab konekte kont sa a avèk Kont Bousdetid NYC pitit ou a.
- Pou fè sa, **piga klike sou Enroll Now (Enskri Kounyeya)**. Olye pou fè sa, mete **non itilizatè** w la pou nysaves.org la ki anba mo "Sign in" (**Konekte**).
- Lè ou fin konekte, ale dirèk nan etap 23 nan gid sa a.

Pou louvri yon nouvo kont NY 529 epi pou konekte li:

- Klike sou **Enroll Now (Enskri Kounyeya)** nan kaz ki anba paj koneksyon an.
- Ale nan etap 7 nan gid sa a.

7. Rantre enfòmasyon sou **Account Owner (Pwopriyetè Kont) la**, ki gen ladan non, nimewo telefòn ak adrès imèl. Epitou kreye yon modpas pou kont ou a. Apresa klike sou **Get Started (Kòmansè)**.
8. Chwazi kijan ou te tandè pale de NY 529 *Direct Plan* epi klike sou **Continue Enrollment (Kontinye Enskripsyon an)**.
9. Rantre adrès **Account Owner (Pwopriyetè Kont) la** epi peze **Continue (Kontinye)**. Pou plis enfòmasyon sou etap sa a ak sou lòt etap yo, klike sou bouton **Tips (Ti Konsèy)** la nan bò anba adwat ekran an.
10. Rantre Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl, dat nesans ak estati sitwayèn **Account Owner (Pwopriyetè Kont) lan**.
 - Yo egzije pou NY 529 mande enfòmasyon sa yo pou idantifye chak moun ki louvri yon kont. Si ou pa bay enfòmasyon yo, yo gen dwa pa ka louvri kont ou a.
 - Remake opsyon anba sitwayèn a se Sitwayen Ameriken oswa Etranje Rezidan. Definisyon Etranje Rezidan NY 529 *Direct Plan* sèvi a se definisyon IRS la.
 - IRS konsidere ou kòm yon etranje rezidan nan Etazini pou zafè taks si ou satisfè swa kritè kat rezidans la oswa kritè prezans konsiderab la sou yon ane kalandriye (1ye janvyè-31 desanm) Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit entènèt IRS la sou <https://www.irs.gov/individuals/international-taxpayers/determining-an-individuals-tax-residency-status>. Si ou pa genyen enfòmasyon sa yo, sonje fanmi ak zanmi kapab louvri yon kont pou pitit ou a. Kontakte NYC Kids RISE pou plis enfòmasyon.
11. Chwazi **Beneficiary (Benefisyè)** a epi ranpli enfòmasyon yo mande yo. Apresa peze **Continue (Kontinye)**.
12. Chwazi **Successor Account Owner (Siksesè Pwopriyetè Kont)** la epi mete non ak dat nesans moun sa a. Apresa peze **Continue (Kontinye)**.
 - Ajoute yon siksesè sou kont la pa obligatwa, men yo ankouraje sa.

13. Chwazi estrateji investisman w lan.

- Klike sou de opsyon yo, **Age-Based (Baze sou Laj)** oswa **Custom Portfolio (Pòtfèy Pèsonalize)**, pou plis enfòmasyon sou yo chak.
- **Si ou chwazi Age-Based (Baze sou Laj), ou kapab chwazi pami twa nivo ris:** Aggressive (*Agresif*), Moderate (*Modere*), oswa Conservative (*Konsèvatè*).
- Klike sou chak nivo ris pou plis enfòmasyon. Pou konnen ki kalite investisè ou ye, klike sou **Learn More (Aprann Plis)** anba bouton "Conservative" (*Konsèvatè*) a.
- Si ou chwazi Custom Portfolio (Pòtfèy Pèsonalize), ou pral chwazi yon melanj investisman pou ajoute pou yon total 100%. Kontrèman avèk opsyon baze sou laj la, melanj sa a pa pral chanje pandan pitit ou a ap grandi. L ap rete menm nan pandan tout tan an. Klike sou bouton ble sou kote chak pòtfèy pou plis enfòmasyon.
- Pou plis enfòmasyon, ale sou nysaves.org epi klike sou **Which investments should I choose? (Ki investisman mwen ta dwe chwazi?)**
- Enfòmasyon detaye sou opsyon investisman yo disponib tou nan Tiliyè Divilgasyon Ransèyman an. Pou plis enfòmasyon sou chwa ant opsyon investisman yo, ou kapab rele NY 529 nan [877-697-2837](tel:877-697-2837). Ou gen dwa pale tou avèk yon konseye fiskal oswa yon konseye finansye.

Nòt: NYC Kids RISE pa kapab ofri okenn direktiv sou diferan opsyon investisman ki disponib oswa ki ta gen dwa bon pou ou.

14. Lè ou fin chwazi opsyon investisman an oswa opsyon investisman yo, klike sou **Continue (Kontinye)**.
15. **Chwazi kijan ou ta renmen finanse kont ou a:**
 - Deposit from a Bank Account (Depo apati yon Kont Labank):** Ou kapab chwazi pou fè premye depo a apati yon kont kouran oswa yon kont depay.
 - Payroll Deduction (Prelèvman sou Salè):** Si anplwayè w la ofri sa, ou kapab chwazi pou yo retire yon montan espesifik sou salè ou pou chak peryòd pewòl epi depoze montan sa a sou kont NY 529 ou a. Mande anplwayè w la si li ofri opsyon sa a.

By Check (Pa Chèk): Si ou prefere fè depo sou kont ou a avèk yon chèk, ou kapab enprime yon fòmilè nan fen pwosesis sa a epi voye li, avèk yon chèk, nan NY 529 *Direct Plan* pa lapòs.

By Rollover (Pa Transfè): Ou kapab tou transfere lajan nan kont sa a apati lòt kalite kont. Pou plis enfòmasyon, kontakte NY 529 nan [877-NYSAVES \(877-697-2837\)](tel:877-NYSAVES) oswa ale sou sit entènèt yo a sou nysaves.org.

16. Lè ou fin fè chwa ou epi ou ranpli enfòmasyon yo mande yo, klike sou **Continue (Kontinye)**.

- Ou pa gen pou fè yon depo pou louvri yon kont. Pou louvri yon kont san w pa fè yon depo, chwazi opsyon "Check" (Chèk) epi klike sou **Continue (Kontinye)**.
- Ou kapab depoze yon ti kantite lajan tankou tou ou ka depoze yon gwo kantite lajan, jan ou vle. Pa gen yon montan minimòm ki egzijib.
- Lè ou klike sou chak opsyon w ap jwenn enfòmasyon ou bezwen pou sèvi avèk sous finansman sa a.

17. Chwazi si ou ta pito louvri yon lòt kont 529 pou yon benefisyè oswa timoun diferan.

- Si wi, klike sou **Yes, Add Another Beneficiary (Wi, Ajoute yon Lòt Benefisyè)**, retounen nan Etap 10 epi refè pwosesis la ankò pou nouvo timoun lan.
- Si non, klike sou **No, Let's Finish Up (Non, Annou Fini)** epi kontinye jiska Etap 18.

18. Kreye yon Non Itilizatè pou kont ou a pou kapab retounen konekte w ankò.

19. Chwazi epi reponn twa kesyon sekirite. Chwazi yon Imaj Sekirite epi ba li yon non w ap kapab sonje fasil. Lè ou fini, klike sou **Continue (Kontinye)**.

20. Asire espas pou ti chèk la ranpli pou aktive Kòd Ugift ou a. Apresa peze **Continue (Kontinye)**.

- Ekonomize pou inivèsite pi fasil avèk èd zanmi ak fanmi!

21. Chwazi kijan ou ta renmen resevwa enfòmasyon sou kont ou a ki sòti nan men NY 529 epi gade enfòmasyon livrezon elektwonik la. Apresa peze **Continue (Kontinye)**.

22. Li aplikasyon w lan pou asire li kòrèk.

- Regade tout enfòmasyon ou te rantre yo. Koriye nenpòt èrè.
- Konfime ou te resevwa Tiliv Divilgasyon Ransèyman an. Ou dwe li materyèl sa yo pou byen konprann karakteristik ak ris yon investisman nan NY 529 *Direct Plan* an.

23. Klike sou **Sign (Siyen)** pou konfime ou li epi ou dakò avèk kondisyon ki nan Tiliv Divilgasyon Ransèyman an epi ou pare pou louvri yon kont.

24. Kounyeya ou louvri kont ou a, ou ta dwe wè yon paj otorizasyon. **Se la w lan kapab konekte nouvo kont NY 529 Direct Plan ou a avèk Kont Bousdetid NYC pitit ou a.** Sa pral pèmèt ou gade balans la (kantite lajan an) sou toude kont yo sou Gid pou Epay ou a.

Regade byen paj otorizasyon sa a epi klike sou **Authorize (Mwen Otorize)** lè ou pare.

25. Klike ti wonn ki bò kote non pitit ou a epi klike sou **OK (OKE)**.

Felisitasyon, ou louvri ak konekte kont NY 529 Direct Plan w lan!

Nouvo kont ou a pral parèt anba "Kont Epay pou Inivèsite Ou Yo" nan Gid pou Epay ou a nan 24 èdtan.

Si nouvo kont ou a pa parèt anba "Kont Epay pou Inivèsite Ou Yo" nan 48 èdtan, tanpri rele liy dirèk NYC Kids RISE la nan [833-543-7473](tel:833-543-7473) oswa voye yon imèl nan info@nyckidsrise.org.

Si ou genyen kesyon sou pwosesis enskripsyon NY 529 *Direct Plan* an, ou kapab rele NY 529 nan [877-NYSAVES \(877-697-2837\)](tel:877-NYSAVES).